**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№20 (7264)*
*28 апрель 2017*
*Рузман*



**Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана Дагъистан Республикаялъул избирательнияб комиссиялъул член Дмитрий ХIасановасул районалъул избирательнияб комиссиялъул составалъулгун дандчIвай. Гьениб дандрана районалъул ТИКалъул членал РДялъул ИКалъ тасдикъ гьабураб графикалда рекъон цIализариялъул суал.**

**ЦIалул № 5I\33-6 бугеб программа тасдикъ гьабун буго ИКалъ 20I7 соналъул 2I февралалда.**

<u>* М. Дахадев гьавуралдаса 135 сон</u>

# ТIоцевесев рагъулав комиссарасул хIурматалда



25 апрелалда М. Дахадаевас I35 сон тIубаялда хурхун МахIачхъалаялда тIоритIарал тадбиразда гIахьаллъана районалъул администрациялъул хIалтIухъаби. Байбихьуда МахIач Дахадаевасул цIаралда бугеб кьотIноб рагъана ритIухълъиялъе ва эркенлъиялъе гIоло къеркьохъан, революционер М. Дахадаев ракIалде щвеялъул мемориалияб хъарщи. Гьенир гIахьаллъана РФялъул гIелмабазул мустахIикъав хIалтIухъан, профессор, академик, ДГУялъул Экологиялъул институталъул директор Гъ. ГIабдурахIманов, «МахIач Дахадаев – Дагъистаналда тIоцевесев рагъулав комиссар» ,-абураб тIехьалъул автор ГI-Л. ХIажиев, РДялъул Собраниялъул депутат М. МухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, росабазул гIадамал, ДГУялъул преподавателал, студентал ва цогидалги.

Мемориалияб доска рагъун хадуб киналго лъелго ана М. Дахадаевасул памятник лъун бугеб вокзалалъул площадалде, памятникалда цере лъуна тIугъдул.

Митингалда кIалъана Киров районалъул Собраниялъул пред. Э. Абиева, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. Палибегов, профессор Гъ. ГIабдурахIманов, Унсоколо районалъул бетIерасул замасул ишал тIуралев М. ХIамзатов ва цогидалги.

Хадуб ДГУялъул актовияб залалда тIобитIана юбилеялъулаб конференция. Гьеб рагьана ва кIалъай гьабуна М-ГI. Рабадановас. Гьесие кIалъаялъул ахиралда ГI. Нурмух1амадовас кьуна ансадерил махщелчагIаз хIадурараб хвалчен ва ваза. Хадуб «МахIач Дахадаев – Дагъистаналъул тIоцевесев рагъулав комиссар»,-абураб доклад гьабуна профессор ГI. ХIажиевас.

Жиндарго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна «Ниж чIухIула нижер умумаздаса. РакI унтун хIурмат гьабула гьезул ва кьола гьеб наслабазухъе. Районалъул щибаб росдал буго чIухIизе бегьулеб тарих, гьеб цIуниялъе кинабго гьабизеги буго нижеца»,-ян.

- БахIарзаздалъун цIар рагIараб буго нижер район. Гьел ккола имам Шамиль, Имам ГъазимухIмад, МахIач Дахадаев, ХъахIабросулъа МахIмуд. Гьел руго гIолеб гIелалъе гвангъараб мисал, жидедаго хадур холареб лъалкI тарал. РакI чIун абизе ккола нижер районалъ улкаялъе кьунинункъго цIар рагIарав бахIарчи,-абун.

ХIурматиял гьаб данделъиялда гIахьаллъарал! Цойги нухалда изну кьедие тIолабго районалъул жамагIаталъул цIаралдасан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе Дагъистан Республикаялъул БетIер Р. ХI. ГIабдулатIиповасе, РДялъул Халкъияб Собраниялъе, РДялъул Правительствоялъе, ДГУялъул нухмалъиялъе ва киналго гьанир данделъаразе. Киназего гьарула метерисеб кьоялде божилъи. Биччанте нужер щибаб кьо лъикIлъиялъул хинлъиялъ, лъималазул, гьезулги лъималазул бергьенлъабаз берцин гьабизе.

Гьединго кIалъана Дахадев районалъул бетIер Ж. Рабаданов. Гьес ГI. НурмухIамадовасе, М. Дахадаевасул цIаралда бугеб культуриябгун историческияб «Унцукуль» обществалъе, биологиял гIелмабазул доктор, профессор Гъ. ГIабдурахIмановасе презентал кьуна.

Хадуб букIана концерт. Гьенир гIахьаллъана «Молодость Кавказа», «Унцукуль», «Коркмаскала» ансамблял. Гьединго цере рахъана ТI. Пумаров, М-ХI. ХIадисов, Б. Зайнулаева, Э. Исламова, М. Булатов, зурма пулезул ансамбль ва гь. ц.

Тадбир лъугIана Унсоколо ва Дахадаев районазул гимнги ахIун.

# Районалъул сайталъе - диплом




I9-20 апрелалда улкаялъул тахшагьар Москвалда «Роль местного самоуправления в развитии государства на современном этапе» абураб темаялда тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб гIелмиябгун практикияб конференциялда гIахьаллъана нилъер районалъул Цогояб Информационнияб Хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев. Конференциялда гIахьаллъана Москвалъул шагьаралъулаб Думаялъул пред., Россиялъул Муниципалияб Академиялъул президент А. А. Шапошников, Москвалъул мэрасул гIакълучи, Россиялъул муниципалияб Академиялъул вице-президент В. Б. Зотов, Пачалихъияб ва Муниципалияб управлениялъул кафедраялъул зав. С. Прокофьев, гIелмабазул рахъалъ проректор В. В. Масленников, Чачан республикаялъул муниципалияб Советалъул исполнительнияв директор Р. Р, Чамаев, шагьаралъул студентал, магистрантал, аспирантал, ВУЗазул доцентал, шагьаралъул мэр, депутатал ва гь. ц.

Конференциялъул тIоцебесеб кьоялъ букIана бакIалъулаб самоуправлениялъул кьоялда хурхараб пленарнияб заседание. «Российское самоуправление – каким ему быть?», «Развитие молодежного самоуправления». Ахиралда букIана студентазул хIалтIабазул – кейсазул «Актуальные вопросы развития территорий»,-абураб темаялда гара-чIвари.

Конференциялда кIиабилеб кьо байбихьана БакIалъулаб самоуправлениялъул Кьоялда хурхун награждениял гьариялдасан, гьединго «Актуальные проблемы развития малых городов России»,-абураб гургинаб столалда нахъа тIобитIараб заседаниялдасан. Гьениб РФялъул Муниципалияб Академиялъул рахъалдасан М-Н. ХIайбулаевасе кьуна диплом. РакIалде щвезабизин ТIолгороссиялъул XIV «Лучший сайт муниципального района» конкурсалда Унсоколо районалъул сайталъ ккуна кIиабилеб бакI. Гьединаб конкурс тIобитIулеб буго 2002 сонaлдаса нахъе. Гьелъул мурад буго лъикIал муниципалиял сайтал тIатинари ва гьезие кумек гьаби. Конкурсал тIоритIиялъ ахIулел руго муниципалитетазда цIиял информациониял технологиял хIалтIизариялде, гьелъул гIелму цебетIезабиялде. Конкурсалда бергьиналъул хIасилалда ахIун вукIана М-Н. ХIайбулаевги гьеб церемониялде.

Гьебго конкурсалда «Районалъул информационнияб ишалъулъ жигараб гIахьаллъиялъе гIоло»,-абураб ХIурматалъул грамота кьуна «Унсоколо район» МО-ялъул бетIер ГI. НуркухIамадовасеги.

РакI-ракIалъ баркула гьезда мустахIикъал шапакъатал!

# БЕЛЕХЬ БЕРГЬАНА



Гьал кьоязда Балахьуни росдал спортивияб кIалгIаялда тIобитIана гIадатлъун билъараб росуцояв МухIамад ГIабдулатIиповасул призалъе гIоло районалъул росабазул командабазда гьоркьоб волейбол хIаялъул турнир. М. ГIабдулатIипов вукIана лъикIав спортсмен, хасго гьесие бокьулаан волейбол х1азе.Гьесул гIахьаллъигун Унсоколо районалъул тIаса бищараб командаялъ гIемерал тIоцересел бакIал росана республикаялъул даражаялда тIоритIарал торгIо хIалезул къецазда.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна районалдаса 8 командаялъ. ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцересел бакIал щвана Балахьуни, Генуб ва ЦIатIанихъ росабазул командабазе. Бергьаразе дандрекъон кколедухъ I5000, I0000 ва 5000 гьурущ гIарцулал сайгьатал ва ХIурматалъул грамотаби кьуна. Турниралда гьединго лъикIаб хIай бихьизабуна Майданское, Унсоколо ва цогидалги росабазул спортсменаз. Къецал тIоритIиялъе спонсорлъи гьабуна росуцоял: МухIамад ХIажиевас. МухIамадгIали МухIамадовас, ДЮСШалъул директор АхIмад ХIамзатовас ва цогидазги.

Аллагьас къабул гьабеги гьезул садакъа. Турнир гIуцIадго, балагьаразе бокьуледухъ ана. РакI-ракIалъулаб баркала буго къецал гIуцIаразе.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.**

# ОТЧЕТ
# об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1-квартал 2017 года

*(в рублях)*

| Наименование показателя Вед Рз ПР ЦСР ЭКР | План | поступило | Перечислено | отклонение | % исп. | ост. на кон. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2017 года: | 628 013 548,20 | 177 947 548,16 | 159 865 179,10 | -450 066 000,04 | 28,3% | 18 082 369,06 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ 000 1 00 00000 00 0000 000 | 80 116 400 | 12 904 782,16 | 10 346 370,10 | -67 211 617,84 | 16,1% | 2 558 412,06 |
| - муниципального района | 73 470 400 | 11 761 574,98 | 9 612 278,10 | -61 708 825,02 | 16,0% | 2 149 296,88 |
| - поселений | 6 646 000 | 1 143 207,18 | 734 092,00 | -5 502 792,82 | 17,2% | 409 115,18 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: 000 2 00 00000 00 0000 000 | 547 897 148,20 | 165 042 766,00 | 149 518 809,00 | -382 854 382,20 | 30,1% | 15 523 957 |
| - дотации 000 2 02 01000 00 0000 151 | 106 187 000 | 35 042 000 | 35 042 000 | -71 145 000 | 33,0% | 0 |
| - субсидии 000 2 02 02000 00 0000 151 | 18 366 200 | 1 718 179,00 | 1 488 179,00 | -16 648 021 | 9,4% | 230 000 |
| - субвенции 000 2 02 03000 00 0000 151 | 423 343 948,20 | 128 282 587,00 | 116 177 002,00 | -295 061 361,20 | 30,3% | 12 105 585 |
| - иные межбюджетные трансферты 000 2 02 04000 00 0000 151 | 0 | 0 | 0 | 0 | # | 0 |
| - Возврат в респ. бюджет цел. средств на 01.01.2017г. (остаток) 000 2 19 05000 00 0000 151 | | -196 880 | | | | |
| Дотация и Вус поселений на ОКМ счете | | | -3 188 372 | | | |
| Наименование учреждений и поселений | План | перечислено по реестрам | израсходовано по отчету | отклонение | % исп. | остаток на конец |
| I. РАСХОДЫ 2017 года: | 635 093 263,56 | 164 869 559,77 | 158 860 628,91 | -470 223 703,79 | 26,0% | 6 008 930,86 |
| 1.Райадминистрация | 64 015 153,15 | 11 041 154,00 | 9 749 185,00 | -52 973 999,15 | 17,2% | 1 291 969,00 |
| 2.Контрольно-счетная палата | 953 997 | 197 396 | 197 396 | -756 601 | 20,7% | 0 |
| 3. Собрание депутатов муниципального района | 1 415 385 | 255 275 | 255 275 | -1 160 110 | 18% | 0 |
| 4. Управление финансов | 3 072 368 | 664 309 | 664 309 | -2 408 059 | 21,6% | 0 |
| 5. МКУ «Служба ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | 3 182 941 | 957 510 | 957 510 | -2 225 431 | 30,1% | 0 |
| 6. МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущ. отношений» | 651 048 | 138 323 | 138 323 | -512 725 | 21% | 0 |
| 7. МКУ «Отдел по подготовке зоны водохран. Ирганайской ГЭС» | 1 198 974 | 296 904 | 296 904 | -902 070 | 25% | 0 |
| 8. МКУ «Центр обслуживания муниципальных учреждений» | 5 825 852 | 1 042 268 | 1 038 198 | -4 783 584 | 18% | 4 070 |
| 9. Управление образования | 3 044 258 | 661 049 | 661 045,54 | -2 383 209 | 21,7% | 3,46 |
| 10. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 15 946 549 | 2 751 898 | 2 694 898 | -13 194 651 | 17,3% | 57 000 |
| 11. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | 19 208 014 | 3 678 044 | 3 678 044 | -15 529 970 | 19,1% | 0 |
| 12. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай | 9 251 357 | 1 559 336 | 1 556 045,9 | -7 692 021 | 17% | 3 290,1 |
| 13. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | 15 333 829 | 2 986 041 | 2 986 041 | -12 347 788 | 19% | 0 |
| 14. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 9 535 732 | 1 560 426 | 1 560 426 | -7 975 306 | 16% | 0 |
| 15. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 4 022 084 | 812 761 | 614 205 | -3 209 323 | 20% | 198 556 |
| 16. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 4 541 821 | 788 891 | 788 891 | -3 752 930 | 17% | 0 |
| 17. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 11 526 315 | 2 153 855 | 2 153 855 | -9 372 460 | 19% | 0 |
| 18. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала | 23 023 921 | 4 484 205 | 4 484 205 | -18 539 716 | 19% | 0 |
| 19. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 5 054 303 | 852 160 | 415 984,56 | -4 202 143 | 17% | 436 175,44 |
| 20. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 6 973 945 | 1 185 295 | 1 185 295 | -5 788 650 | 17% | 0 |
| 21. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | 3 894 533 | 667 802 | 479 464 | -3 226 731 | 17% | 188 338 |
| 22. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | 8 126 314 | 1 113 874 | 1 113 873 | -7 012 440 | 14% | 1 |
| 23. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 24 599 854 | 7 603 287 | 7 599 026 | -16 996 567 | 31% | 4 261 |
| 24. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 26 227 539 | 6 523 670 | 6 523 670 | -19 703 869 | 25% | 0 |
| 25. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | 24 272 724 | 7 439 565 | 7 419 035 | -16 833 159 | 31% | 20 530 |
| 26. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 17 476 119 | 5 688 883 | 5 642 050,94 | -11 787 236 | 33% | 46 832,06 |
| 27. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 13 899 490 | 4 549 986 | 4 494 828 | -9 349 504 | 33% | 55 158 |
| 28. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 23 403 706 | 7 273 258 | 7 152 729,94 | -16 130 448 | 31% | 120 528,06 |
| 29. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | 35 019 459 | 10 491 960 | 10 491 960 | -24 527 499 | 30% | 0 |
| 30. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 13 106 909 | 4 104 006 | 4 089 051 | -9 002 903 | 31% | 14 955 |
| 31. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 27 368 432 | 9 045 865 | 8 868 537 | -18 322 567 | 33% | 177 328 |
| 32. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 13 833 639 | 4 785 372 | 4 759 372 | -9 048 267 | 35% | 26 000 |
| 33. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | 11 808 288 | 3 667 867 | 3 667 867 | -8 140 421 | 31% | 0 |
| 34. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | 51 232 923 | 16 505 596 | 16 335 596 | -34 727 327 | 32% | 170 000 |
| 35. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | 5 948 506 | 1 727 030 | 1 159 942 | -4 221 476 | 29% | 567 088 |
| 36. МКОУ «МООШ « с.Моксох | 6 416 160 | 1 973 050 | 1 944 513,51 | -4 443 110 | 31% | 28 536,49 |
| 37. МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | 7 312 938 | 2 163 570 | 1 974 297 | -5 149 368 | 30% | 189 273 |
| 38. РЦДОД с.Унцукуль | 6 409 072 | 2 275 659 | 2 275 659 | -4 133 413 | 36% | 0 |
| 39. ДДТ с.Гимры | 2 528 181 | 919 222 | 919 222 | -1 608 959 | 36% | 0 |
| 40. ДДТ п.Шамилькала | 2 877 378 | 992 167 | 992 167 | -1 885 211 | 34% | 0 |
| 41. ДЮСШ с. Унцукуль | 3 598 228 | 1 321 414 | 851 704,67 | -2 276 814 | 37% | 469 709,33 |
| 42. ДЮСШ с. Гимры | 4 261 394 | 1 592 957 | 727 616 | -2 668 437 | 37% | 865 341 |

**(Окончание на стр.)**

# ОТЧЕТ
## об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1-квартал 2017 года

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 43. ДЮСШ с. Балахани | 4 730 082 | 1 653 266 | 1 004 012 | -3 076 816 | 35% | 649 254 |
| 44. ЦДТ п. Шамилькала | 5 769 939 | 2 075 512 | 2 075 512 | -3 694 427 | 36% | 0 |
| 45. Школа искусств | 3 923 004 | 1 391 212 | 1 379 642 | -2 531 792 | 35% | 11 570 |
| 46. СЮТ с. Унцукуль | 5 004 355 | 1 795 438 | 1 795 438 | -3 208 917 | 36% | 0 |
| 47. Управление культуры | 25 894 833 | 6 962 955 | 6 962 955 | -18 931 878 | 27% | 0 |
| 48. Поселения всего: | 48 371 418,41 | 10 498 016,77 | 10 084 852,85 | -37 873 401,64 | 21,7% | 413 164 |
| - МО «Село Ашильта» | 2 585 258,73 | 225 390 | 222 001 | -2 359 869 | 9% | 3 389 |
| - МО «Село Гимры» | 5 263 193,32 | 1 164 548 | 1 027 735 | -4 098 645 | 22,1% | 136 813 |
| - МО «Село Ирганай» | 3 207 866,64 | 787 333 | 787 333 | -2 420 534 | 24,5% | 0 |
| - МО «Село Харачи» | 1 570 842,02 | 459 196 | 319 495 | -1 111 646 | 29,2% | 139 701 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 682 853,45 | 869 675 | 846 771 | -1 813 178 | 32,4% | 22 904 |
| - МО «Сельсовет Araканский» | 2 921 917,84 | 750 415 | 744 587 | -2 171 503 | 25,7% | 5 828 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 3 719 401,21 | 1 001 562 | 1 001 562 | -2 717 839 | 26,9% | 0 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 576 490,58 | 844 972 | 795 688 | -1 731 519 | 32,8% | 49 284 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 2 370 237,96 | 676 000 | 676 000 | -1 694 238 | 28,5% | 0 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 3 255 822,99 | 838 911 | 824 679 | -2 416 912 | 25,8% | 14 232 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 9 240 005,78 | 2 324 417 | 2 324 417 | -6 915 589 | 25,2% | 0 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 8 977 527,89 | 555 597 | 514 584 | -8 421 931 | 6% | 41 013 |
| **II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2016 года)** | **7 079 715,36** | **5 004 380,67** | **4 952 786,67** | **-2 075 334,69** | **71%** | **51 594,00** |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 6 488 176,95 | 5 192 213,90 | 5 140 619,90 | -1 295 963,1 | 80% | 51 594,00 |
| б) Возврат в республиканский бюджет с района | -196 880 | -196 880 | -196 880 | 0,00 | 100% | 0,00 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 788 418,41 | 9 046,77 | 9 046,77 | -779 371,64 | 1% | 0,00 |

# ХIинкъи бугев студент

*(Байбихьи 13-19 номеразда)*

ГIазул хIурги бахъинабун, риссуялда чуялги риччан, цереса тIерхьун ана полициялъулал. Гьезда хадувги валагьун, МахIачица бакIго хIухьел цIана. Гьале чанго къо буго гьасул гьаздаса вахчун, балъгого институталде хвадулелдаса, рехун тезе ккана обшежитие ва гьанже ахиралда жанив чIараб рукъги. Институталде вачIун заман балелдего, гьесул хьвада-чIвадиялда хадуб полициялъ хъававуллъи чIезабуна, гьале гьанже лъабго сон ун хадуб, гьезие гьев дагьавги хIинкъи бугевлъун лъугьана. ГьабсагIаталдаги полициялъул сейфалда жаниб буго «ЧIегIерав» абун гьесда тIад гьабураб, санайил бицcалъулеб бугеб дело. Гьалма гьасухъ листовкаби рукIинчIо. МахIачица листовкабазугун иш гьабулеб заманалда, гьес тIаде щолеб бугеб хIинкъи лъазабун гьев цIунизе ккolaaн.

МоцIрол канлъи загIипаб букIана. ГIемерисел къватIалги сварал чирахъалгун бецIлъиялъукь рахчун рукIана. Амма цо-цо мехалда накIкIазул тIелазда гьоркьосан пирхур рачIунел цIвабзазул канлъул чIораз, свараб цIадул хIенехIалда пархараб гIадаб канлъи кьолеб букIана. Кидаго гIадин речIчIулеб Балтикаялъул рахIат хварал гьоролги къаси гIажаибаб гIодое биччай лъугьун букIана. Театралъул майдан чIобоголъулеб букIинчIо, гьениве валагьун МахIачилги ракI свакалеб букIана. Цо хехаб иш гьабичIони кватIун ккезеги бегьула,-ян пикруги гьабуна гьес. Гьалмагъгун цадахъ гьев цоги къотIносан сверун, театралъул кваранаб бокIнилъе ворчIана. Гьеб букIана иш тIубазе бищунго санагIатаб бакI. Гьанже гIадамал тохлъараб заманалда, театралъул лъазаби чIвалеб бакIалде кIанцIизе кIудияб захIмалъи букIинчIо.

Сергей МахIачида цадахъ гIемераб мехалъ хIалтIичIо, амма гьеб къокъабго заманалдаги гьесул гIамалхасияталда гьорлъе ваккизе бажарана. МахIачил хIинкъи гьечIолъиялъ, таваккаллъиялъ, гIедерлъиялъ гьев гIажаиблъизавун вукIана. Гьединлъидал гьесда жинцаго гьабулеб иш лъикI лъалеб букIиналда Сергейил щаклъи кколеб букIинчIо.

КъотIи гьабуна, Сергейица къватIалъул гьаб рахъалда чIун тIаде-гъоркье вачIунев чиясул хъаравуллъи ккезе, МахIачицаги литовкабазул иш гьабизе. Цин ратIалъилалда цебе МахIачица гьалмагъасда абуна:

- Дуего хIинкъи бугеб бакIалда, дун хвасар гьавизеян къуваталде вортуге. ЦIодорго ворчIизе гIамал гьабе. Дица диего гIамал гьабила. Цоцада рихьичIого лъутизе ккани, Меньшиковасул кIалгIаялда нахъе вачIа.

-Полициялъ дуда маххал разеги тун, дун гIенеккунищха чIелев? Ялъуни дун дуда цадахъ щай витIарав чи?-ян гьалмагъасе МахIачил пикро рекIее гIечIо. Жиндирго рази гьечIолъи гьесда лъазеги течIого, Сергейица пальто данде цIана ва рачлихъ къазабун букIараб таманча, щиб кканигиян пальтоялъул кисиниб лъуна.

- КIиявго хвараб жо ккезе бегьуларо. Цоявниги нахъе ворчIизе хIаракат бахъизе ккола,-ян МахIачицаги хIадурлъи гьабуна.

АскIобго бугеб лъабго тIалаялъул минаялъубги цоцоккун гордазухъ канлъи свине лъугьана, цере рукIарал минабахъги гьебго жо ккана. КъватIазда хьвадулел гIадамал дагьлъана. Гьанже заман щванилан гьес таваккал тIамуна. МахIач чIараб бакIалдаса театралъул лъазаби чIвалеб бакIалде 50 гали букIун батила. Амма хIинкъиялъул цIурал секундазда гьебги гIемераблъун ккола. Хадув-цеве вачIунев чи вугодаян халги гьабун, МахIачица гали цебехъун босана ва лъороса рахъун листовкаби хIадур гьаруна.

Гьес лъазаби чIвалеб бакIалда I5-20 секунд бан батиларо. МахIачица гьенир рукIарал, дагьаб цебегIан рихьизаруралги хадубккун рихьизаризе ругелги спектаклязул лъазабиял цIалана. Гьезда гьоркьоб, цо санагIатаб бакIалда кодор рукIарал листовкабиги седон, гьев цевехун вилъана. Театралда цебе бугеб биццатаб хIободаги листовка седезе ракIалде ккана. Амма кватIана. Жанисан хъаравуллъи ккунищ вукIаравали, нахъасан полиция лъулас гьесде таманча битIизабуна.

**(Хадусеб букIине буго)**

# Объявления

Уважаемые жители Унцукульского района, сообщаем Вам что, сегодня вы можете получить государственные и муниципальные услуги, не выходя из дома через ваш компьютер, планшет или смартфон, зарегистрировавшись на портале «Госуслуг».

Через портал «Госуслуг» вы можете узнать о наличии налоговой задолженности, получить паспорт гражданина РФ, оплатить судебную задолженность, проверить и оплатить штрафы ГИБДД, получить загранпаспорт, записаться на прием к врачу, записать ребенка в детский сад, получить и потратить материнский капитал, узнать о пенсионных накоплениях, записать ребенка в школу и многое другое.

Регистрацию на портале «Госуслуг» Вы можете:

1. провести самостоятельно через портал «Госуслуг».
2. обратившись МФЦ по Унцукульскому району в пос. Шамилькала.
3. в здании администрации вашего села у представителя МФЦ.

* * *

Утерянный сертификат на материнский семейный капитал серии МК-9 № 035-0262 выданный ГУ-ОПФР по РД в Унцукульский район от 23. 12. 2016 г. на имя Магомедовой Патимат Ахмедовны считать недействительным.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация МО «Унцукульский район»**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**

**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**

**368940**

**Адрес издателя и типографии**
**г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21**

**Подписано в печать 4. 27. 17 г. 19. 10**
**фактически -20. 30 мин.**
**......................................**
**Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках**
**Тираж - 1000 экз.**